



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 8/8/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KANPAY SANSIBILIZASYON PIBLIK LAPOLIS ETA POU EDIKE NOUYÓKÈ YO OSIJÈ AGRESYON SEKSYÈL SOU KANPIS YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Lapolis Eta New York ap lanse yon kanpay sansibilizasyon sou agresyon seksyèl nan kanpis yo kòm etidyan yo ap retounen nan kolèj pou semès otòn sa. Kanpay la chita sou efò sansibilizasyon ki ankou pa Inite Viktim Agresyon Sekyèl Lapolis Kanpis Eta, sa ki te patisipe nan sesyon oryantasyon kolèj epi bay fòmasyon pou entèvenan yo ki soti toupatou nan eta.

Emisyon radyo uit semèn nan, bilten ak kanpay medya sosyal pral demare nan lendi 8 Out. Ou ka wè bilten yo [isit la](#) ak [la](#). Ou ka tande anons radyo sèvis piblik [isit la](#).

"Eta New York mete anplas règleman ki pi agresif nan peyi a pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis kolèj yo," **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Kanpay sa chita sou efò nou e li pral ede asire ke etidyan yo konnen dwa yo, epitou yo gen opòtinite pou yo resevwa yon diplòm nan yon anviwonman ki ansekirite."

"Kòm etidyan yo ap retounen nan kolèj nan semèn kap vini yo, kanpay sa ap renouvle angajman nou pou fè moun yo konnen ke kilti a chanje," **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul**. "Nan kanpay Enough is Enough la, Gouvènè Cuomo te mete Eta New York alavangad konvèsasyon nasyonal la pou montre ke yo pa konsidere kanpis yo ankò tankou syèl ki ansekirite pou vyolans seksyèl epitou yo pral kenbe ofansè yo epi pouswiv yo. Nap mande tout moun pou ede nou simaye mesaj sa lwen ak laj."

Lapolis Eta CSAVU te kreye dapre kanpay "Enough is Enough" pwojè lwa, sa ke Gouvènè Cuomo te siyen an lwa nan mwa Jiyè 2015. Misyon inite sa se pou redwi frekans agresyon seksyèl grasa yon pwogram edikasyon prevansyon, sa ki gen ladan oryantasyon pou etidyan kolèj yo, pwofesè ansanm avèk anplwaye sipò, ansanm avèk fòmasyon pou entèvenan yo. Inite a pral ankete tou sou krim seksyèl nan kanpis ke yo te rapòte bay Lapolis Eta, e lap bay sipò pou ankèt jan kanpis ansanm avèk ajans lapolis lokal yo mande l.

Onz anketè prensipal Lapolis Eta te afekte nan inite sa e yo te mete yo nan plizyè rejyon nan eta, epi sèvi kòm yon resous pou etidyan yo, anplwaye kolèj ak inivèsite, lapolis lokal ak kanpis la, ansanm avèk defansè viktim yo. Anketètè prensipal yo te bay fòmasyon pou ajans lapolis lokal ansanm avèk lòt entèvenan yo, sa ki gen ladan Chèf Lapolis Eta New York, Chèf Lapolis SUNY, ak kowòdonatè Tit IX SUNY.

CSAVU te òganize tou de konferans fòmasyon rejyonal nan Syracuse ak Buffalo. Yo te pwograme konferans adisyonèl, sa ki gen ladan yon konferans pandan tout yon semèn nan Albany ki pral fèt nan dat 5 Desanm.

**Sipè-entandan Lapolis Eta George P. Beach II te deklare,** “Anketè nou yo ap travay etwatman avèk kolèj ansanm avèk inivèsite yo sou fòmasyon ak edikasyon pou ede redwi agresyon seksyèl sou kanpis yo. Yo pare tou pou ankete ak pou ede patnè lapolis lokal nou yo ede bay viktim yo jistis.”

Depi inite a te vin fonksyonèl nan otòn ki sot pase a, li te ankete oswa te ede nan plis pase 20 ka agresyon seksyèl sou kanpis yo. Lapolis Eta te etabli tou yon liy dirèk nan tout eta pou viktim yo mande èd Lapolis Eta: 844-845-7269.

Jiska dat, CSAVU te kolabore avèk kolèj ki annaprè yo pou bay kanpay sansibilizasyon sou agresyon seksyèl nan sesyon oryantasyon ete ak otòn:

- SUNY Brockport
- SUNY Farmingdale
- SUNY New Paltz
- Elmira College
- Ellis Hospital Belanger School of Nursing
- Medaille College (3 sesyon)
- St. Joseph's College
- Five Towns College

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418